

# Konsèy Jistis Anviwònman an

Reyinyon #20 • 12 Jwen, 2025 • 6:30 pm




## LOJISTIK

- ⇒ Entèpretasyon Langaj disponib nan lang sa yo: Español, Kreyòl Ayisyen, 普通话, Português, Tiếng Việt, ak American Sign Language (ASL)
  - To participate in English, click the “Interpretation” icon and select English.
  - Para entrar no canal em português, clique no ícone “Interpretation” e seleccione “Portuguese”
  - Si alguien desea interpretación en español, haga clic en “Interpretation” y seleccione “Spanish”
  - Pou w patisipe an Kreyòl Ayisyen , klike sou ikòn “Interpretation” an epi chwazi “Haitian Creole”
  - 要以普通话参加会议, 请单击口语图标并选择 "Chinese".
  - Để vào kênh bằng tiếng Việt, hãy nhập vào biểu tượng “Interpretation” và chọn “Vietnamese”.

- ⇒ Tanpri pale dousman.

- ⇒ Tout patisipan yo dwe seleksyon yo chanèl nan lang yo, menm si w ap gade prezantasyon an an Anglè.



- ⇒ Si w ta renmen yon vèsyon tradiksyon prezantasyon EJC a, tanpri ale sou sit web EJC a nan: <https://www.mass.gov/service-details/environmental-justice-council-ejc-meetings>

REYINYON SA A ANREJISTRE



# KONSEY JISTIS ANVIWÒNMAN

---

Reyinyon #20

Jedi, 12 Jwen, 2025, 6:30 pm

Lokal an Pèsòn: Pittsfield, MA

Berkshire Innovation Center

*45 Woodlawn Ave, Pittsfield, MA 01201*



# Lojistik ak Ajanda

# Lojistik


- Entèpretasyon Langaj disponib nan lang sa yo: Español, Kreyòl Ayisyen, 普通话, Português, Tiếng Việt, ak American Sign Language (ASL)
  - To participate in English, click the “Interpretation” icon and select English.
  - Para entrar no canal em português, clique no ícone “Interpretation” e selecione “Portuguese”
  - Si alguien desea interpretación en español, haga clic en “Interpretation” y seleccione “Spanish”
  - Pou w patisipe an Kreyòl Ayisyen , klike sou ikòn “Interpretation” an epi chwazi “Haitian Creole”
  - 要以普通话参加会议, 请单击口语图标并选择 “Chinese”.
  - Để vào kênh bằng tiếng Việt, hãy nhập vào biểu tượng “Interpretation” và chọn “Vietnamese”.

## Tanpri pale dousman

- Tout patisipan yo dwe seleksyone yon chanèl nan lang yo, menm si w ap gade prezantasyon an an Anglè.



- Si w ta renmen yon vèsyon tradiksyon prezantasyon EJC a, tanpri ale sou sit web EJC a nan: <https://www.mass.gov/service-details/environmental-justice-council-ejc-meetings>
- Tout liy yo ap sou silans pandan prezantasyon an.
- Liy nan ap ouvri pou komantè aloral aprè prezantasyon an.
- Si w gen kesyon ki bezwen klarifikasyon oswa yon pwoblèm lojistik oswa teknikl pandan prezantasyon an, ekri l nan bwat Q&A a.



- Kontakte dirijan reyinyon an Kecil John nan [meetings@erg.com](mailto:meetings@erg.com) si w ta gen yon pwobleme teknik oswa kesyon.

# Ajanda

	<u>Estimasyon Kantite Tan</u>
▪ Rezime Jeneral Reyinyon an, Lojistik ak Ajanda	6:30 PM
▪ Prezans ak Apwobasyon Minit Dènye Reyinyon EJC a	6:35 PM
▪ Keson ak Kòmantè Piblik la	6:40 PM
▪ Analiz Enpak Kimilativ & Plan Benefis Kominotè	6:50 pm
▪ Keson ak Kòmantè Piblik la	7:50 PM
▪ Repons a Kòmantè yo (Lè sa Apwopriye)	(si gen ase tan)
▪ Pwochen Etap yo epi Nou Fini	8:00 PM



## Apwobasyon Minit Reyinyon 13 Mas, 2025 la & Prezna: Manm Konsèy EJ yo

- Kalila Barnett
- Madeline Fraser Cook
- Melissa Harding-Ferretti
- Cheryll Holley
- Caroline Hon
- Lydia Lowe
- Marcos Luna
- Peter Maathey
- María Belén Power
- Sofia Owen
- Jen Salinetti
- Patricia Spence
- Ari Zorn
- Miles Gresham

# Kòmantè Piblik ak Kesyon yo

*Tanpri, limite chak kòmantè a de (2) minit pou  
lòt moun ka gen chans pale*

# **Analiz Enpak Kimilatif & Plan Benefis Kominotè**



Commonwealth of Massachusetts  
Executive Office of  
Energy and Environmental Affairs

# Reyinyon Konsèy EJ #20

12 Jen, 2025, Berkshire Innovation Center  
Reyinyon Ibrid




# Lojistik Entèpretasyon

Entèpretasyon Lang ap ofri an : Espayol, Potige, Kreyòl Ayisyen, Kriolu, Tiéng Việt, 普通话 (Mandaren), عربی (Arab), русский (Ris), ខ្មែរ (Khmer), 한국어 (Koreyen), Franse, ak Lang Siy Ameriken (ASL).

- To participate in English, click the “Interpretation” icon and select English.
- Para entrar no canal em português, clique no ícone “Interpretation” e selecione “Portuguese”.
- Si alguien desea interpretación en español, haga clic en “Interpretation” y seleccione “Spanish”.
- Pou rantre nan chanèl kreyòl ayisyen an, klike sou ikòn “Interpretation” an epi chwazi “Haitian Creole”.
- Pa partisipa na Kriolu, klika na íkone "Intirpretason" y silisiona "Cape Verdean Kriolu".
- 要以普通话参加会议, 请单击口语图标并选择 "Chinese".
- Để vào kênh bằng tiếng Việt, hãy nhấp vào biểu tượng “Interpretation” và chọn “Vietnamese”.
- ثم اختر "الترجمة الفورية" للمشاركة باللغة العربية اضغط على أيقونة "Arabic".
- Чтобы принять участие на Русский языке, нажмите на ярлык «Устный перевод» и выберите “Russian”.
- ដើម្បីចូលរួមជាការណ៍ខ្លួន សូមចូច រួចតាំងការបកប្រោយ ហើយអ្នកនឹងជីសការណា "Khmer"។
- 한국어로 참여하려면 "통역" 아이콘을 클릭하고 “Korean”를 선택하세요.
- Pour participer en français, cliquez sur l'icône « Interprétation » puis choisissez « French ».


Tanpri, pale dousman.

Tout patisipan dwe chwazi yon chanèl lang, menm si yo ap gade prezantasyon an an anglè.





# Bezwen Enèji Pwòp Massachusetts yo





# Difikilte avèk Pwosedi Otorizasyon Aktyèl yo

- Pwosesis otorizasyon yo long, enprevizib, epi pafwa doub.
  - Kalandriye yo varye anpil epi kèk pwojè te pran jiska dis ane pou yo egzekite.
  - Istorikman, Siting Board Enstalasyon Enèjetik yo te pran (EFSB) ant 1 ak 4 ane pou bay apwobasyon pou konstiwi, apre sa pwojè a toujou bezwen jwenn tout pèmi etatik ak lokal yo endividyèlman.
- Opòtinite pou fè apèl kont chak pèmi separe ka lakòz plizyè ane reta.
- Kominote yo santi yo souvan pa gen enfiliyans oswa enpak sou anplasman gwo pwojè enfrastrikti yo.
- Kominote yo ka gen resous ki nesesè pou angaje yo konplètman nan pwosesis otorizasyon yo.
- **Massachusetts pa pral satisfè limit rediksyon GET nou yo san refòm.**



# Komisyon sou Anplasman ak Otorizasyon Enfrastrikti Enèjetik

- Komisyon an etabli pa [Dekrè 620 an](#)
- Li dwe konseye Gouvènè a sou:
  1. **akselerasyon deplwaman responsab enfrastrikti enèji pwòp atravè refòm anplasman ak otorizasyon** nan yon fason ki konfòm ak egzijans legal ki aplikab yo ak Plan Enèji Pwòp ak Klima a;
  2. **fasilite kontribisyon kominote** a nan anplasman ak otorizasyon enfrastrikti enèji pwòp; epi
  3. **asire avantaj tranzisyon enèji pwòp yo pataje yon fason ekitab pami** rezidan Commonwealth la.
- De seyans ekout piblik te fèt epi yo te resevwa plis pase 1,500 kòmantè piblik.
- Yo te voye rekòmandasyon yo bay Gouvènè Healey nan dat 29 mas 2024.
- Rekòmandasyon Komisyon an te lajman adopte atravè yon *Lwa ki ankouraje yon rezo enèji pwòp, fè pwogrese ekité, epi pwoteje kontribyab yo* (Lwa 2024 sou Klima), ki te siyen pa Gouvènè Healey an Novanm 2024.



# Otorizasyon Etatik Konsolide

- Tout pèmi etatik, reyjonal, ak lokal pou Gwo Enstalasyon Enfrastrikti Enèji Pwòp konbine nan **yon sèl pèmi konsolide EFSB Bay.**
- Tout ajans etatik ak lokal ki ta otreman gen yon wòl otorizasyon kapab entèvni **otomatikman epi patisipe nan bay deklarasyon** sou kondisyon pèmi ki rekòmande yo.
- Tout pwojè yo dwe soumèt analiz enpak kimilatif nan kad aplikasyon an bay EFSB.
- Yo dwe rann yon desizyon **konsènan pèmi nan mwens pase 15 mwa apre** yo fin detèmine aplikasyon an konplè.
- Yo ka fè apèl kont desizyon EFSB yo dirèkteman devan Tribunal Jidisyè Siprèm nan.



Aplike pou enstalasyon pwodiksyon  $>25$  MW, enstalasyon estokaj  $>100$  MWh, enfrastrikti ki gen rapò ak ewolyen lanmè, ak nouvo gwo pwojè transmisyon



# Otorizasyon Lokal Konsolide

- Gouvènman lokal yo (minisipalite ak komisyon reyjonal tankou Cape Cod ak Martha's Vineyard Commissions) kenbe **tout pouvwa otorizasyon pou pwojè ki pa sijè a revizyon EFSB.**
- Gouvènman lokal yo **ka kontinye egzekite pwosesis apwobasyon separe** an menm tan (egzanp, zòn imid, zonaj, elatriye), moun yo oblige **bay yon pèmi inik** ki gen ladan apwobasyon endividiyèl pou enfrastrikti enèji pwòp.
- Yo dwe rann desizyon pèmi **nan lespas 12 mwa**.
- Gouvènman lokal yo ka refere revizyon otorizasyon an dirèkteman nan EFSB si yo gen ase resous.
- EFSB ka revize aplikasyon pèmi yo tou apre desizyon final yon gouvènman lokal si pati yo mande yon revizyon epi yo ka demontre desizyon yon afekte yo yon fason konsiderab ak espesyal, apre sa fè apèl dirèkteman nan Tribunal Siprèm Jidisyè a.
- DOER responsab pou **kreye yon aplikasyon estanda pou pèmi minisipal ak yon seri inifòm estanda sante, sekrite, ak anviwònman debaz pou moun k ap pran desizyon lokal yo itilize lè y ap otorize enfrastrikti enèji pwòp.**



- Aplike a enstalasyon pwodiksyon <25 MW, enstalasyon estokaj <100 MWh, ak pwojè transmisyon ak distribisyon ki pa nan jiridiksyon ki pa EFSB



# Angajman Kominotè ki pi Siyifikatif ak Jis

- Etablisman fòmèl Biwo Jistis Anviwònmantal ak Ekite nan lwa, ak yon manda espesifik pou prepare konsèy konsènan akò avantaj kominotè ak analiz enpak kimilatif.
- Premye fwa obligatwa kondisyon angajman kominotè, ki gen ladan dokimantasyon efò pou enplike òganizasyon kominotè yo ak demonstrasyon efò pou devlope akò avantaj kominotè yo.
- Nouvo Divizyon Patisipasyon Piblik nan DPU pou ede kominote yo ak aplikasyon pwojè yo ak kesyon angajman ak pwosesis nan pwosedi DPU ak EFSB.
- Nouvo Divizyon Anplasman ak Otorizasyon nan DOER pou ede kominote yo ak aplikasyon pwojè yo ak kesyon angajman ak pwosesis nan otorizasyon lokal yo.
- Sipò finansye pou entèvenan an disponib pou òganizasyon ki manke resous ki vle patisce nan yon pwosedi EFSB epi ki jwenn yo estati entèvenan. Minisipalite ki gen yon popilasyon 7,500 oswa mwens otomatikman elijib pou sipò finansye.



# Lòt Refòm

- EEA oblige etabli metodoloji adekwasyon sit la ak oryantasyon pou eklere pwosesis otorizasyon etatik ak lokal sou adekwasyon sit yo pou devlopman enèji pwòp, epi ede devlopè yo evite, minimize ak aleje enpak sou anviwònman an.
- Senk nouvo plas nan EFSB:
  - Komisè Depatman Lapèch ak Lachas;
  - Komisè Sante Piblik;
  - Reprezantan Asosyasyon Minisipalite Massachusetts la;
  - Reprezantan Asosyasyon Planifikasyon Rejyonal Massachusetts; epi
  - Reprezantan ki gen ekspètiz nan jistis anviwònmantal ak / oswa souverènte endijèn.
- Enfrastrikti Enèji Pwòp ki nan iridiksyon EFSB egzante de revizyon Lwa sou Politik Anviwònman Massachusetts (MEPA).
- Otorite plasman DPU Eritaj (egzanp, pèmi zonaj konplè ak domèn eminan pou transmisyon ak tiyo) transfere bay EFSB.



# Wòl ak Responsabilite

- Gen senk aks ki soti nan lwa a k ap administre pa twa ajans diferan: EEA, DPU, ak DOER
- Pifò nan sa yo gen rapò youn ak lòt nan yon fason men chak sèvi yon objektif separe epi satisfè egzijans legal espesifik
- Tout twa ajans yo nan komunikasyon sere youn ak lòt
- Yo te konsilte tou lòt ajans etatik ki gen wòl enpòtan nan otorizasyon nan zafè enèji pandan y ap prepare pwopozisyon yo





## Pwochen Etap

- Regilasyon yo dwe pibliye anvan 1ye mas 2026.
- Bouyon regilasyon yo pral pibliye pou publik la bay kòmantè, pwobableman nan fen sezon ete / kòmansman sezon otòn.
- Plis enfòmasyon sou pwoesisis la ka jwenn nan: [www.mass.gov/energypermitting](http://www.mass.gov/energypermitting)
- Kesyon yo ka adrese bay [energypermitting@mass.gov](mailto:energypermitting@mass.gov)



# Kisa Siting Board Enstalasyon Enèjetik la ye?

- Yon Komisyon endependan; ki te kreye apeprè 50 ane de sa (te EFSC)
- Li gen nèf manm: sis manm biwo privilejye ak twa manm piblik; li prezide pa Sekretè Enèji ak Afè Anviwònman an.
- Siting Board la gen jiridiksyon sou gwo enstalasyon enèjetik yo – enstalasyon sa yo defini pa lalwa:
  - Enstalasyon pwodiksyon yo egal oswa depase 100 MW ak estrikti oksilyè yo (limit sa a yon redui a 25 MW nan Lwa 2024 sou Klima a)
  - Liy transmision elektrik
    - Pou novo koridò:  $\geq 69 \text{ kV}$  **ak**  $\geq 1$  mayl nan longè
    - Kouridò aktyèl:  $\geq 115 \text{ kV}$  **ak**  $\geq 10$  mayl nan longè, eksepte pou rekondiktè oswa rebati nan menm vòltaj la
  - Tiyo gaz enteryè yo depase 100 psig ak **plis pase** yon mayl longè, eksepte pou rebati oswa releye tiyo aktyèl yo
  - Enstalasyon estokaj gaz (LNG oswa CNG) plis pase 25,000 galon
  - Enstalasyon petwolye yo / tiyo ki gen plis pase 1 mayl longè; novo tank estokaj ki gen plis pase 500,000 barik
- Siting Board la fè pwosedi jidisye; li pibliye desizyon sou rekèt pou konstwi ak sètifikasi enpak sou anviwònman an ak enterè piblik la, pou enstalasyon ki nan jiridiksyon li.
- Yo ka fè apèl kont desizyon Siting Board la dirèkteman devan Tribunal Jidisye Siprèm nan Massachusetts la.
- Divizyon Anplasman DPU a sèvi kòm anplwaye nan Komisyon EFSB ak DPU



# Prensipal Dispozisyon Lwa 2024 sou Klima a nan zafè Anplasman ak Otorizasyon

- Elaji Siting Board la soti nèf rive onz manm; etabli yon nouvo manda, limite revizyon an, ak konklizyon obligatwa yo.
- Kreye yon nouvo kategori enfrastrikti: enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp (CEIF).
- Kreye Pwogram Pèmi Konsolide.
  - Yon pèmi konsolide se yon pèmi ki gen ladan tout pèmi etatik, reyjonal, ak lokal ki ta otreman nesesè pou konstwi ak eksplwate yon CEIF. Definisyon sa a eskli sèten pèmi federal.
    - Gwo CEIF - Pèmi Konsolide yo dwe bay pa Siting Board la.
    - Ti CEIF – Pèmi Konsolide Lokal pou minisipalite a bay.
- Bay yon dat limit pou revizyon CEIF, ak apwobasyon enplisit si dat limit yo pa respekte.
- Etabli nouvo egzijans pou aplikan ki pwopoze CEIF, tankou:
  - Konsiltasyon ak angajman anvan depo.
  - Evalyasyon Enpak Kimilatif (CIA) (ki obligatwa tou pou enstalasyon ki pa SEIF).
- Transfere yon pati nan jiridiksyon Depatman Sèvis Piblik yo nan zafè anplasman bay Siting Board la, sa ki konsolide responsablite anplasman nan Siting Board la.



# Nouvo Kondisyon pou Siting Board la

- Revize Konpozisyon Siting Board la. G.L. c. 164, § 69H.
  - Ajoute de novo pòs privilejye – Depatman Lapèch ak Lachas, ak Depatman Sante Piblik (ak redui Depatman Sèvis Piblik a yon sèl syèj).
  - Ogmante syèj manm piblik yo soti twa rive kat: Mass. Asosyasyon Ajans Planifikasyon Rejyonal yo; Mass. Asosyasyon Minisipal; jistis anviwònmantal / souverènte endijèn; ak travay (ak siprime manm piblik ki reprezante enèji ak anviwònman).
- Elaji jiridiksyon Siting Board la. Pa egzanp, ajoute jiridiksyon sou sistèm estokaj enèji batri yo.
- Kreye novo kategori ak novo règ pou CEIF.
- Kreye yon novo pwosesis pou Siting Board la bay Pèmi Konsolide



# Nouvo Kondisyon pou Siting Board la (kont.)

- Defini novo manda legal ak revizyon limit pou Siting Board la.
  - Siting Board la kounye a detèmine si yon pwojè pral bay yon ekipman pou enèji serye ak yon enpak minimòm sou anviwònman an nan pri ki pi ba posib.
  - Dapre Lwa 2024 sou Klima a, lè I ap revize pwojè yo pwopoze yo, Siting Board la dwe konsidere, pami lòt bagay, chaj kimilatif sou yon kominate akèy, enpak sou sante piblik, ak enpak chanjman klimatik. Lwa 2024 sou Klima a te enkli tou yon lis konklizyon Siting Board la dwe fè nan desizyon li yo sou pwojè ki pwopoze yo.
- Ajoute dat limit legal pou Siting Board la revize CEIF ki pwopoze a.
  - Si Siting Board la pa rann yon desizyon nan dat limit ki obligatwa a (pa plis pase 15 mwa), yo apwouve yon pwojè enplisitman (san yo pa di sa dirèkteman), epi bay pèmi konsolide ki gen kondisyon estanda yo.
- Lòt egzijans
  - Kreyasyon tablodbò
  - Siting Board la dwe rankontre nan reyinyon Siting Board piblik ibrid yo
  - Yon Aplikasyon Estanda Komen



# Kisa yon Enpak Kimilatif ye?

- **Enpak Kimilatif (oswa chaj), jan sa dekri nan Lwa sou Chanjman Klimatik 2024**
  - “Enpak ak chaj, enkli men ki pa limite a nenpòt chaj anviwònmantal ki egziste deja ak konsekans sou sante piblik ki afekte yon zòn jeyografik espesifik kote yon etablisman, yon enfrastrikti enèji pwòp gwo oswa piti, yo pwopoze, soti nan nenpòt operasyon oswa pwojè prive, endistriyèl, komèsyal, eta oswa minisipal ki te fèt anvan oswa k ap fèt kounye a” G.L. c. 164, § 69G (per St. 2024, c. 239, § 53)
  - Bòd Siti a dwe bay konsiderasyon ki nesesè pou 'chaj kimilatif sou kominote k ap resevwa yo ak efò ki dwe fèt pou evite oswa minimize oswa, si enpak yo pa ka evite oswa minimize, efò pou mitige chaj sa yo. Lè li konsidere ak bay yon desizyon, bòd la dwe konsidere tou enpak chanjman klimatik ki ka prevwa avèk rezon, enkli plis emisyon gaz lakòz efè tèmik oswa lòt emisyon polyan ki konnen gen enpak negatif sou sante, ogmantasyon nivo lanmè predi, inondasyon ak nenpòt lòt efè negatif dispwoposyone sou yon zòn jeyografik espesifik”  
G.L. c. 164, § 69H (per St. 2024, c. 239, § 60)
- Definisyon Ekip Pèsonèl EFSB pwopoze pou Enpak Kimilatif: 'Efè konbine sou sante piblik, anviwònman natirèl, rezistans chanjman klimatik, ak anviwònman bati nan yon zòn jeyografik espesifik, nan pwojè ak aktivite ki fèt anvan ak kounye a, pwojè ki pwobab nan lavni, ak pwojè enèji ki pwopoze a.”



# Seleksyon Endikatè

Anpil endikatè kandida idantifye; ap evalye lòt endikatè kounye a


- **Karakteristik Popilasyon (PC):** Endikatè ki karakterize sante piblik, kondisyon sosyo ekonomik, popilasyon sansib, ak resous kiltirèl
- **Anviwonman Bati (BE):** adrese sous polisyon prensipal yo
- **Enpak Chanjman Klimatik (CC):** Adrese inondasyon, ogmantasyon nivo lanmè, dife forè, ekspoze chalè
- **Anviwonman Natirèl (NE) –** Abòde entegrite ekolojik, konektivite, ak biyodivèsite

## Kategori Endikatè EFSB





# Apèsi sou Nòt CIA ak Dyagram Pwosesis Rapò a





# Prochen Etap pou Aplikasyon CIA pa EFSB

- Enkòporasyon gidans CIA nan etap inisyal OEJE ak rekòmandasyon Krite Konvenyans Sit EEA
- Rafine modèl konseptyèl CIA a ak entegrasyon li avèk lòt mezi enpak yo
- Resevwa epi entegre plis enfòmasyon moun ki gen enterè
- Sistèm nòt tès ak etid ka
- Devlope kontni ki nesesè pou Rapò CIA pou règleman ak gid EFSB ki ap vini yo
- Devlope règleman ak dokiman gid ki baze sou CIA



# Analiz Enpak Kimilatif(CIA)

---



# Apèsi

---

- Konsèp Kle
- Objektif Gid la
- Kijan pou Devlope yon Analiz Enpak Kimilatif (CIA)
- Prensip
- Resous
- Kesyon ak Repons / Diskisyon



# Biwo Jistis ak Ekite Anviwonmantal

- Biwo **Jistis ak Ekite Anviwònmantal Massachusetts(OEJE)** se responsab pou aplike prensip jistis anviwonmantal, jan yo defini nan Lwa Jeneral, chapit 30, seksyon 62, nan fonksyònman chak biwo ak ajans ki anba biwo egzekitif la. Prensip jistis anviwonmantal yo se:
  1. angajman siyifikatif tout moun konsènan devlopman, aplikasyon ak egzekisyon lwa anviwònmantal, règleman ak politik, enkli politik chanjman klimatik; ak
  2. distribisyon ekitab nan benefis enèji ak anviwònman ak chay anviwonmantal yo.
- **Lwa Klima 2024** mete OEJE nan lwa, ak yon manda espesifik pou devlope estanda ak gid ki regle itilizasyon potansyèl ak aplikabilite plan ak akò benefis kominotè, ansanm ak analiz enpak kimilatif.



# Konsèp Kle

- ✓ **Jistis Anviwonmantal (EJ):** istis anviwonmantal se pwoteksyon egal ak angajman siyifikatif tout moun ak kominote yo konsènan devlopman, aplikasyon, ak egzekisyon lwa, règleman, ak politik enèji, chanjman klimatik, ak anviwònman, ansanm ak distribisyon ekitab benefis enèji ak anviwonmantal ak chay anviwònmantal yo
- ✓ **Endikatè:** Endikatè oswa faktè estrès espesifik yo itilize pou rasanble mezi kantitatif ak/oswa kalitatif kondisyon ak tandans pou evalye eta anviwònman an, sante piblik, anviwonman sosyoekonomik, kiltirèl ak bati, pou mezire pwogrè vè objektif espesifik
- ✓ **Tranzisyon Jis:** Chanjman ekonomik ak sosyal pou enèji pwòp ki mete ekite, jistis anviwonmantal, travayè yo, ak kominote premye liy yo nan sant li
- ✓ **Angajman Siyifikatif:** Angajman piblik bonè, kontinyèl, aksesib, ak kiltirèlman konpetan ki pèmèt kominote a bay opinyon pou enfòme pran desizyon ak politik piblik
- ✓ **Zòn Ki Soufri Enjisteman(UBA):** Yon zòn oswa popilasyon ki afekte pa chay anviwonmantal enjis oswa inekitab ki egziste deja ak konsekans sante piblik ki gen rapò avèk yo, konpare ak popilasyon jeneral eta a.



# Kisa yon Analiz Enpak Kimilatif (CIA)?

- Lwa Klima 2024 te mande OEJE pou devlope estanda ak gid ki regle **analiz enpak kimilatif**.
- Yon "**analiz enpak kimilatif**" (CIA) se yon rapò ekri ki pwodwi pa aplikan an ki evalye enpak ak chay, enkli men pa limite a nenpòt chay **anviwonmantal ki egziste** deja ak **konsekans sante piblik** ki afekte yon zòn jeyografik espesifik kote yon enstalasyon, enstalasyon enèji pwòp gwo oswa ti enstalasyon enèji pwòp ap pwopoze soti nan nenpòt operasyon oswa pwojè prive, endistriyèl, komèsyal, leta oswa minisipal anvan oswa aktyèl; pou sa, si analiz la montre ke yon zòn jeyografik konsa sibi yon chay anviwonmantal inekitab oswa injis ki egziste deja oswa konsekans sante ki gen rapò, analiz la dwe idantifye nenpòt:
  - (i) **enpak anviwonmantal ak sante piblik** ki soti nan pwojè pwopoze a ki ta pwobableman rezulta nan yon efè negatif inekitab sou zòn jeyografik sa a;
  - (ii) enpak oswa konsekans potansyèl soti nan pwojè pwopoze a ki ta **gmante oswa diminye efè chanjman klimatik** sou zòn jeyografik sa a; ak
  - (iii) **aksyon remèd potansyèl ki pwopoze** pou adrese nenpòt enpak negatif inekitab sou anviwoman an, sante piblik ak rezilyans klima nan zòn jeyografik sa a ki ka dwe ak pwojè pwopoze a.



## Objektif Gid sa a

---

- Objektif gid sa a se pou etabli yon kad klè ak konsistan pou evalye efè konbine chay ki soti nan plizyè sous, enkli pwojè enfrastrikti enèji sou kominate yo, espesyalman sa yo ki deja ap fè fas ak chay inekitab oswa enjis ki egziste deja
- Dekri **prensip debaz** yo nan CIA ki novo mande a epi li bay yon **plan pratik** pou entegre prensip sa yo nan pwoesis regilasyon ak pran desizyon nan EFSB
- Pouse jistis anviwonmantal, **diminye inekite** pou zòn ki soufri chay inekitab, **epi ankouraje rezulta dirab ak enklizif** nan pran desizyon enèji ak sèvis piblik



# Kijan pou Devlope yon CIA

- Evalye efè konbine nan faktè estrès anviwonmantal, detèminan sosyal sante, ak inekite istorik sou kominote yo, asire ke pwojè enèji yo pa agrave inegalite ki egziste deja oswa pa ajoute nouvo chay
- Etabli yon metodoloji klè pou idantifye ak adrese enpak kimilatif, EFSB ap pibliye règleman ki aliyen ak Lwa Klima 2024, objektif jistis anviwonmantal, pwoteje popilasyon vilnerab, epi sipòte objektif enèji pwòp Massachusetts
- Mete an valè enpòtans planifikasyon reflechi ak angajman kominotè nan ankouraje pwogrè enklizif
- Konpozan Kle:
  - ✓ Idantifye Liy Baz Eta ak Kominote pou Konparezon
  - ✓ Endikatè ak Faktè Estrès
  - ✓ Konprann Pwojè Ki Egziste Ak Pwojè Kap vini nan Tan Pwochen ak Enpak Yo
  - ✓ Limit Jeyografik ak Tanporèl



## Identifye Liy Baz Kominote pou Konparezon

- Yon etap fondamental nan yon CIA se etabli yon liy baz klè pou kondisyon anviwonmantal, sante, ak sosyoekonomik ki egziste nan yon kominote epi kijan li konekte ak liy baz nan nivo eta a
- Biwo Jistics ak Ekite Anviwonmantal ap devlope yon zouti depistaj ki sanble ak CalEnviroScreen nan Kalifòni - yon resous estandardize pou idantifye kondisyon liy baz, mete an evidans kominote defavorize, epi sipòte yon evalyasyon konsistan atravè pwojè ak zòn jeyografik
- Liy baz sa a pèmèt regilatè yo ak moun ki pwopoze pwojè yo pou konpare enpak pwojè yo ak kondisyon aktyèl yo epi idantifye nan ki pwopòsyon yon pwojè ka agrave chay ki egziste deja oswa kreye novo chay
- Zouti katografik la itilize yon modèl risk popilasyon estanda, ki se yon fòmil pou enpak kimilatif = chay ki egziste deja X vilnerabilite popilasyon
- Lè yo entegre yon zouti katografik tankou CalEnviroScreen nan pwosesis analiz enpak kimilatif la, moun ki pwopoze pwojè yo ap gen aksè a yon fondasyon ki fyab, baze sou done, pou konprann chay kominote ki egziste deja, epi enfòme evalyasyon plis ekitab sou enpak pwojè yo



# Endikatè ak Faktè Estrès

Plizyè endikatè kandida yo idantifye; kounye a ap evalye lòt endikatè:

- **Anviwònman Bati:** Chay oswa chanjman sou enfrastrikti, itilizasyon tè, lojman, ak sèvis esansyèl ki sipòte lavi chak jou ak fonksyonman kominotè
- **Enpak Chanjman Klimatik:** Enpak soti nan inondasyon, ogmantasyon nivo lanmè, vag tanpèt, dife forè, chalè/tanperati ekstrèm, ak lòt enpak ki gen rapò ak chanjman klimatik
- **Anviwonman Natirèl:** Enpak sou ak aksè a ekosistèm, resous natirèl, ak kalite anviwònman jeneral, konektivite, enkli chanjman nan lè, dlo, tè, ak biyodivèsite
- **Karakteristik Popilasyon:** Endikatè ki karakterize sante piblik (enpak sou rezulta sante fizik ak mantal ki sòti nan ekspoze anviwonmantal, inegalite sante, ak aksè a swen), sosyoekonomik (enfliyans sou opòtinite ekonomik, estabilite kominotè, ak ekite sosyal, espesyalman pou kominote defavorize, e rekonèt deranjman nan patrimwàn kiltirèl), kondisyon, popilasyon sansib, ak resous kiltirèl



# Egzanz Endikatè Potansyèl

Anviwonman Bati	Chanjman Klimatik
<ul style="list-style-type: none"><li>Enstalasyon pèmi lè MassDEP</li><li>M.G.L. c. 21E sit</li><li>Enstalasyon rapò itilizasyon toksik "Tier II</li><li>Plant tretman dlo ize</li><li>Pwòksimite ak volim trafik pa gwooup blòk</li><li>Ayewopò, Pò, Lakou Tren pou Transpò Machandiz</li><li>Tretman, Depo, ak Enstalasyon pou Eliminasyon Dechè Danjere</li><li>Sit MassDEP ki gen AUL</li><li>Pèmi MassDEP pou dechaj dlo anba tè</li><li>Tank depo anba tè</li><li>Enfrastrikti Wout ak Enfrastrikti Transpò</li><li>Pwodiksyon ak Pwovizyon Enèji</li><li>Gwo Kantite Itilizatè Toksik</li><li>Estasyon Transfè (Gwo ak Piti)</li><li>Liy transmisyon</li><li>Zòn endistriyèl yo</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>Mwayèn sezon an ete ozòn nan konsantrasyon maksimòm 8 èdtan chak jou nan lè a nan pati pa milya (ppb)</li><li>Zòn ki anba inondasyon akòz ogmantasyon nivo lanmè ki pi wo pase Nivo Mwayèn Pi Wo Lanmè</li><li>Zòn ki anba Zòn Espesyal Danje Inondasyon</li><li>Evalyasyon Ris Klima</li><li>Zòn ki anba Ris Inondasyon Mwayen rive Ba</li><li>Faktè Inondasyon / Ris Inondasyon</li><li>Vag tanpèt</li><li>Maksimòm lapli chak ane pandan tout lavi itil pwojè a</li><li>Zòn nan liy litoral mwayèn dlo wo yo</li><li>Zòn ki nan pwobabilite depase inondasyon kotyè anyèl 1% an</li><li>Faktè Chalè Iben</li></ul>



# Egzanp Endikatè Potansyèl

Anviwonman Natirèl	Karakteristik Popilasyon an
<ul style="list-style-type: none"><li>Endèks entegrite ekolojik</li><li>Koneksyon ekolojik</li><li>Ogmantasyon nan zòn kouvèti tè ki pa pèmèt dlo pase</li><li>Chanjman nan zòn dlo ouvè</li><li>Chanjman nan espas ouvè ki pwoteje</li><li>Chanjman nan espas ouvè rekreyatif</li><li>Diminisyon nan zòn marè</li><li>Diminisyon nan zòn forè</li><li>Zòn abita prioritè espès ra ki afekte</li><li>Zòn ki gen gwo enkyetid anviwonman ki afekte</li><li>Zòn kous dlo sou sifas ki afekte</li><li>Zòn akifè sèl sous dlo ki afekte</li><li>Zòn resous marè ki afekte</li><li>Espas ouvè ki pwoteje ki afekte</li><li>Espas ouvè rekreyatif ki afekte</li><li>Zòn ki nan limit FEMA Q3 zòn inondasyon</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>Patikil iltrafin ak matyè patikil (PM) nivo 2.5</li><li>Nivo PM dyezèl ak pouvantaj eta a</li><li>Endèks Ris Kansè ak Danje Respiratwa pou Pwodui Toksik nan Lè a</li><li>Nivo diyoksid azòt anyèl</li><li>Ospitalizasyon pou kriz kadyak</li><li>Ekspozisyon a plon nan anfans</li><li>Pwa ki ba lè nesans</li><li>Vizit ljans Lopital pou Tretman Asm Timoun</li><li>Asm aktyèl</li><li>Esperans lavi ki ba</li><li>Maladi poumon obstruktif kwonik</li><li>Revni medyan kay la</li><li>To chomaj</li><li>Moun ki andikape</li><li>Fanmi ki anba povrete</li><li>Moun ki gen edikasyon ki pi ba pase diplòm lekòl segondè</li></ul>



## Konesans sou Enpak Konbine

- Pèsonn pa viv yon lavi ki gen sèlman yon sèl pwoblèm. Enpak ki soti nan differan sektè kreye chay ak benefis. Lè nou ankouraje yon konsyans sou fason differan faktè stèsyon entèaji ak konpile sou tan, EFSB ka evalye disparate yo kòmsadwa, egzije mitige apwopriye, epi asire ke desizyon li yo ankouraje jistis anviwonman, diminye inegalite pou zòn ki gen chay, epi pwoteje popilasyon vilnerab
- Chak kategori faktè stèsyo dwe evalye an sòm - sa vle di, pa sèlman sou baz yon sèl pwojè, men an konbinezon ak aksyon sot pase yo, prezan yo, ak aksyon ki rezonab pou prevwa nan yon zòn jewografik espesifik oswa ki afekte yon popilasyon patikilye
- CIA yo bay yon kad enpòtan pou konprann kijan plizyè faktè stèsyo entèsekte pou afekte kominote yo, espesyalman sa yo ki deja ap fè fas ak inegalite sistèmik, epi yo ka ede kontribye nan yon tranzisyon jis
- Rekonesans enpak konbine sa yo esansyèl pou kreye politik ki balanse objektif devlopman ak ekite ak dirabilite
- Pandan ke gid sa a pa bay yon lis endikatè ki konplè, seleksyon an dwe baze sou rechèch ki sòti nan prèv, done lokal ki gen rapò, ak opinyon kominotè. Fòk yo mete aksan sou faktè stèsyo ki gen yon efè konpoze ki konnen oswa ki gen anpil chans pou li fèt lè li melanje ak enpak nouvo pwojè



# Konprann Pwojè Ki Egziste Ak Pwojè Ki Prevwa Pou Fiti

---

- CIA yo dwe pran an konsiderasyon pa sèlman pwojè a pwopoze a, men tou enpak lòt devlopman ki egziste oswa ki planifye nan zòn nan
- Evalye pwojè ki rezonab pou prevwa nan fiti a ede idantifye enpak konpoze potansyèl yo epi evite zòn ki ka neglige nan evalyasyon pwojè a
- Asire ke efè kombine plizyè devlopman, tou de sa k ap fèt ak sa yo planifye, yo evalye byen detaye pou idantifye potansyèl faktè estrès ak inegalite.
- Lè yo evalye potansyèl entèraksyon ak faktè stèsyo kombine ki sòti nan plizyè pwojè, EFSB ka diminye rezulta negatif, ankouraje solisyon ekitab, epi alinye planifikasyon enfrastrikti ak prensip jistics anviwonman



# Limit Jewografik ak Tanporèl

- Etabli limit jewografik ak tanporèl klè se yon eleman fondamantal nan analiz enpak konbine
- Limit sa yo ede defini ranje analiz la, asire ke evalyasyon yo byen kaptire gwosè espasyal ak peryòd tan enpak anviwònman, sosyal, ak sante piblik yo
- Limit jewografik yo pèmèt EFSB konsantre sou kominote espesifik ki afekte pa pwojè ki egziste oswa ki pwopoze, pandan ke limit tanporèl yo pran an kont enpak istorik, aktyèl, ak sa ki rezonab pou prevwa nan fiti sou tan



# Prensip

Prensip fondamantal pou sèvi kòm gid pou konsepsyon politik analiz enpak konbine EFSB yo enkli:

- 1 Aplikab pou novo ak enfrastrikti enèji modifiye
- 2 Angaje Kominote a byen bonè epi souvan nan pwoesis la
- 3 Zouti ak Metòd pou Evalye Enpak Kimilatif yo
- 4 Pwoesis Analiz Enpak Kimilatif
- 5 Rapò Analiz Enpak Kimilatif



# Pwosesis Analiz Enpak Kimilatif

**Etap 1:** Rasanble Done Debaz yo

**Etap 2:** An konsiltasyon avèk kominote yo, idantifye enpak potansyèl pwoze a

**Etap 3:** Evalye Enpòtans Enpak yo

**Etap 4:** Bay nòt epi klase chak sit oswa wout pou enpak kimilatif yo

**Etap 5:** Evalye Estrateji Mitigasyon ak Jesyon

**Etap 6:** Pataje Bouyon Rapò a pou Fidbak epi Finalize li (devlope yon bouyon rapò epi mete l ajou pandan pwosesis EFSB a pou chwazi yon plas epi jwenn pèmi)

**Moun ki defann pwoje yo dwe angaje yo nan yon kolaborasyon ki gen sans e ki konsistan avèk òganizasyon kominotè yo, reprezantan minisipal yo, ak rezidan ki pi afekte yo.**



# Plan Benefis Kominotè (CBP)

---



## Kisa yon Plan Avantaj Kominotè (PAK) ye?

Yon Plan Avantaj Kominotè detaye **angajman** moun ki devlope pwojè yo pran pou ofri kominote yo avantaj ki siyifikatif ak mezirab — sitou sa ki gen istwa defavorizasyon, twòp pwoblèm , ak mank sèvis.

Avantaj kominotè yo se **rezulta konkrè ak dirab yon pwojè** dwe bay, ki reponn ak priyorite, bezwen, ak enkyetid kominote ki afekte yo.



# PAK vs. AAK

Plan Avantaj Kominotè (PAK)	Akò Avantaj Kominotè (AAK)
<ul style="list-style-type: none"><li>Yon plan ki <b>pa legalman</b> egzekitab ki fèt pa yon devlopè pwojè, an konsiltasyon ak kominote ki afekte a.</li><li>Rezime <b>Angajman Kominotè</b></li><li>Yon devlopè pwojè dwe klèman defini angajman espesifik li pran pou adrese bezwen kominote a. (egzanp : lwaye abòdab , kreyasyon travay , plis aksè a espas vèt , etc.)</li><li><b>Kòmanse developman</b> pandan <b>pwoesisis pre-ranplisaj</b> EFSB (Energy Facilities Siting Board) oswa pwoesisis konsolidasyon pèmi minisipal la</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>Akò <b>Legal</b> Oblijatwa negosye ant minisipalite oswa òganizasyon kominote ak devlopè yo</li><li>Yon devlopè dwe klèman defini <b>benefis konkrè</b> li pral bay kominote a an echanj pou sipò yo.</li><li>Egzekitab devan tribinal , sa ki bay kominote yo yon garanti anplis ke devlopè yo ap respekte angajman yo</li><li><b>Yon AAK kapab rezulta yon PAK</b></li></ul>



## Poukisa PAK yo enpòtan

---

- Depi lontan, kominote defavorize yo te soufri pi gwo chay enfrastrikti enèji fosil ak polisyon ki vini avèk yo, pandan yo pa te gen aksè a benefis yo.
- **(PAK) yo re-ankadre devlopman pwojè enèji pwòp pou:**
  1. Mete kominote nan sant desizyon yo
  2. Diminye domaj ak deplasman
  3. Kreye richès ak kapasite lokal
  4. Diminye risk legal, politik ak kominotè pou devlopè yo



## Pwosesis Angajman Kominotè – Prensip Fondamantal yo

- ✓ **Kòmanse Bonè** : Kominote yo dwe patisipe byen bonè nan pwosesis devlopman pwojè a - anvan desizyon final yo pran - pou yo ka enfliyanse rezulta ki gen sans.
- ✓ **Asire Enklizyon**: Bay priyrite a kominote ki defavorize ak moun ki te soufri diskriminasyon depi lontan. Patisipasyon an dwe aksesib ak ekitab pou tout moun.
- ✓ **Bati Konfyans atravè Transparans** : Kominikasyon ouvè ak onèt sou objektif pwojè a, ris, benefis ak limit yo ede bati konfyans ant kominote a ak moun k'ap devlope pwojè a.
- ✓ **Respekte Valè Kiltirèl** : Fòk fason nou pale ak kominote a respekte lang yo, valè yo, istwa yo ak fason yo kominike pou angajman an ka gen plis sans pou yo.
- ✓ **Kenbe Angajman Kontinyèl**: Angajman an pa dwe yon bwat pou koche - se yon dyalòg ki ap kontinye pandan tout devlopman, chwazi kote ak otorizasyon pwojè a.
- ✓ **Enkòpore Responsablite** : Kreye mekanis pou swiv pwogrè, respekte pwomès, ak pèmèt kominote a kontwole sa k'ap pase..



# Etap pou Devlope yon Plan Avantaj Kominotè (PAK) Solid :

Menm si chak kominote diferan epi yo ka gen bezwen diferan, apwòch sa a garanti yon fèy konsistan pou transparans, enklizyon ak responsabilite. Chak etap gen pou l fleksib pou l adapte ak kontèks lokal la, men ase serye pou asire pwoesisis la mennen yon benefis reyèl ak mezirab pou kominote a.

- 1 Lis Moun Ki Enplike yo ak idantifikasyon Kominote a**
- 2 Devlope Yon Plan Angajman Kominotè**
- 3 Fè Sensibilizasyon Anvan Depo Dosye**
- 4 Travay Ansanm Pou Kreye Angajman Benefis**
- 5 Kreye Yon PAK Ekri, Piblik**
- 6 Fòmalize Responsabilite**



# Tranfòme Angajman an Aksyon

---

## Yon PAK ki byen striktire dwe:

- Klèman dekri chak avantaj ki pwopoze , yo dwe mansyone sa yo ap pwopoze ak kiyes li ap sèvi.
- Mete yon dire klè pou Livrezon , ki koresponn avèk faz projè a ( pa egzanp , avan konstriksyon , konstriksyon , operasyon yo ).
- Identifye moun ki reskonsab pou enplikasyon
- Montre sous lajan ak bidjè pou chak benefis , ofri transparans sou kòman resous yo distribiye ak jere.
- Sèvi ak SMARTIE pou chak angajman , pandan nap asire ke objectik yo se :  
**Spesifik // Mezirab // Posib// Pètinan // Tan limit // Enklizif // Ekitab**



# Egzanp Angajman Efikas ak Sansib

Egzanp sa yo reponn ak priyorite komen tankou: Jistis anviwonmantal, devlopman ekonomik, enfrastrikti , dirabilite , and pwoteksyon anviwonmantal. Angajman yo pral depann de kalite ak gwosè pwojè a, Enpak sou kominote a ak objektif ak defi espesifik kominote a.

Jistis Anviwònmanal ak Ekite	Devlopman Ekonomik ak Mendèv
<ul style="list-style-type: none"><li>• Kreye yon plan anplwaye lokal ki bay priyorite a moun ki soti nan kominote ki soufri inegalite anviwònmanal (EJ Populations)</li><li>• Bay lajan pou enstale monitè kalite lè ak sipòtè yon pwogram siveyans sante kominotè ki dirije pa moun lokal yo.</li><li>• yon Konsèy Konsilitatif Kominotè ki gen reprezantan travayè , nasyon endijèn, moun ki defann jistis anviwònmanal.</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Akò travay pou pwojè yo (PLAs)</li><li>• Envestisman pou devlope mendèv ak èd sipòtè enpòtan .</li><li>• Pwogram fòmasyon ak aprantisaj.</li><li>• Envestisman nan lwaye abòdab.</li></ul>



## Examples of Effective & Meaningful Commitments (cont.)

Enfrastrikti ak sipò kominotè	Pwoteksyon anviwònmantal ak sante piblik
<ul style="list-style-type: none"><li>Envestisman nan transpò ak amelyorasyon aksè yo (egzanp ,wout pou bis ak abri , enfrastrikti transpò piblik , mizajou wout, aksè wout piblik yo ).</li><li>ko-devlòpman avèk kominote responsab enfrastrikti (egzanp : Elaji aksè entènèt , Mikwo-rezo elektrik ki posede pa kominote a ,Estasyon rechaj pou machin elektrik , pataj machin elektrik ).</li><li>Envestisman nan espas piblik ak espas vèt .</li><li>Envestisman nan yon sant kominotè ak plas , organizasyon kominote lokal , pwogram sante mantal ak prevansyon abi sibstans, etc.</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>Sipò pou pwogram efikasite enèji alontèm, tankou renovasyon kay ak imèb piblik pou yo ka pi efikas nan enèji, enstalasyon panno solè, oswa sipòte kowoperativ enèji renouvlab kominotè yo.</li><li>Entegre proteksyon pou bét sovaj ak ekosistèm nan plan devlopman , tankou kreye koridò pou bét sovaj,Prezève zòn imid, oswa replantasyon pyebwa ak plant natif natal pou restore ekosistèm.</li><li>Sistèm siveyans sou enpak anviwònmantal , tankou lè nou respire , dlo , ak kalite tè a .</li><li>Nonmen yon ofisyé anviwònmantal pou pwojè a.</li></ul>



## Sipèvizon ak Responsabilite

- Yon PAK sèlman gen fòs selon sistèm ki an plas pou swiv ak evalye aplikasyon li. Pou kenbe konfyans piblik la ak asire ke gen swivi, plan PAK yo ta dwe gen engajman pou rapò regilye, transparan ak komunikasyon ouvè ak kominote a.
- Pwomotè yo ta dwe etabli mekanism reponsabilite klè ki ka gen ladan :
  - yon orè pou siveyans ak rapò, aliye ak etap pwojè yo
  - pwen de kontak desinye pou manm kominote yo ak kò regilasyon yo
  - rapò sou pwogrè ki vizib piblikman, ki pibliye omwen chak trimès epi ki disponib nan plizyè lang ak nan fòma aksesib; oswa
  - opòtinite pou kominote a revize pwogrè—atravè komite konseye, seyans koute , oswa lòt fowòm.
- **Pwomotè yo ankouraje pou pran pwochen etap la nan antre nan Akò Avantaj Kominotè (AAK) ak òganizasyon ki baze nan kominote yo, minisipalite yo, oswa kowalisyon ki reflete enterè ak bezwen rezidan ki afekte yo.** Akò sa yo ka ede solidifye atant, klarifye wòl, ak bay yon kad legal oswa kontra pou swivi.

# Kòmantè Piblik ak Kesyon yo

*Tanpri, limite chak kòmantè a de (2) minit pou  
lòt moun ka gen chans pale*



## Pwochen Etap & Nou Fini

Enfòmasyon sou EJC ak reyinyon  
li yo disponib sou  
<https://www.mass.gov/orgs/environmental-justice-council-ejc>